



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETA NOUYÒK PRAL REJWENN REZO MONDYAL
ALÈT AK ENTÈVANSYON POU EPIDEMI KI NAN ÒGANIZASYON MONDYAL
LASANTE**

***Nouyòk elaji lidèchip li nan domèn sante mondyal lè li rejwenn rezo entèvansyon
entènasyonal OMS***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a Depatman Sante Eta Nouyòk (New York State Department of Health) la rejwenn ofisyèlman rezo mondyal alèt ak entèvansyon kont Epidemi Global (Global Outbreak Alert and Response Network, GOARN) Òganizasyon Mondyal Lasante (OMS), sa k ap ranfòse wòl eta a nan preparasyon ak entèvansyon pou sante piblik nan nivo mondyal.

"Nouyòk te toujou alatèt nan kesyon sante ak sekirite piblik, e kounye a n ap fè pati pa nou pou pwoteje vi yo pandan gouvènman federal la ap mete sante Ameriken yo an danje, "**Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou rejwenn GOARN, n ap pataje ekspètiz nou, laboratwa nou yo, ak mendèv ki gen anpil konpetans pou detekte epi reyaji ak epidemi toupatou nan mond lan, pandan n ap ede anpeche menas sante mondyal yo atenn Eta Nouyòk ak Ozetazini. Pwoteje Nouyokè yo vle di pwoteje kominote yo toupatou — m ap toujou kanpe pou sante ak sekirite eta nou an ak peyi nou an."

An janvyè, Administrasyon Trump lan te retire Ozetazini nan OMS, sa ki vin febli sekirite sante mondyal peyi a ak preparasyon li pou l reponn ak pandemi k ap vini yo.

Komisè Sante Eta Nouyòk, Doktè James McDonald, te deklare, "Rejwenn GOARN montre angajman Nouyòk pou l entèvni rapid ak yon fason kowòdone fas ak menas sante piblik yo. Atravè patenarya sa a, n ap pataje ekspètiz nou, n ap bay sipò ak laboratwa nou yo, n ap ranfòse kontwòl enfeksyon nou yo, epi n ap ede jere ijans sante piblik toupatou nan mond lan."

GOARN, Òganizasyon Mondyal Lasante kowòdone a, se yon rezo mondyal ki gen plis pase 300 enstitisyon ak rezo teknik ki detekte, verifye, epi entèvni rapid nan epidemi yo. Li bay peyi yo sipò ak ekspètiz teknik, kapasite nan laboratwa, ak kowòdinasyon operasyonèl pou diminye menas sante piblik yo.

Depatman Sante Eta Nouyòk la, ki te fèt nan ane 1901, se youn nan depatman sante ki pi ansyen e ki pi gwo nan peyi a, ki sipèvize siveyans maladi, preparasyon pou ijans,

sante anviwònman, sante manman ak timoun, prevansyon maladi kwonik, ak regilasyon etablisman swen sante. Sant Wadsworth li a bay sèvis tèst dyagnostik avanse, sekans jenomik, siveyans rezistans kont mikwòb, ak sèvis referans ki pral kounye a sipòte operasyon GOARN yo nan nivo entènasyonal.

Patenarya sa a pral pèmèt Depatman an bay asistans teknik, sipòte inisyativ pou ranfòse kapasite yo, ranfòse efò nan kominikasyon sou risk, epi kowòdone ak patnè sante piblik entènasyonal yo.

Patenarya sa a pral bay Eta Nouyòk tou yon aksè pi rapid ak enfòmasyon mondyal sou epidemi, l ap amelyore ekspètiz mendèv yo atravè eksperyans entèvansyon konkrè, l ap ranfòse kapasite laboratwa ak siveyans yo, epi l ap amelyore preparasyon pou menas sante piblik k ap parèt oswa k ap retounen, sa k ap pwoteje sante Nouyòkè yo plis.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Nouyòk rete fèm pou pwoteje sante Nouyòkè yo nan mitan gwo chanjman k ap fèt nan nivo federal la.

Nan septanm 2025, Gouvènè Hochul [te siyen yon dekrè egzekitif](#) pou asire tout Nouyòkè gen aksè ak vaksen COVID-19 2025–26 ki ajou a.

Nan oktòb 2025, Gouvènè Hochul te rejwenn [Alyans Gouvènè pou Sante Piblik](#) (Governors Public Health Alliance), yon kowalisyon ki pa nan patipri ki fèt pou pwoteje sante piblik nan tout peyi a. Atravè alyans sa a, Nouyòk kontribye nan yon sant kowòdinasyon ant plizyè eta ki konekte gouvènè yo, lidè sante piblik yo, ak kominote sante mondyal la.

Nan janvyè 2026, Depatman an, ansanm ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (New York City Department of Health and Mental Hygiene), [te apwouve](#) kalandriye vaksinasyon 2026 la pou timoun ak adolesan, jan Akademi Ameriken Pedyatri a rekòmande l. Kalandriye vaksen sa a, ki baze sou prèv, bay pwoteksyon kont 18 maladi ki ka evite, tankou RSV, epatit A ak B, wotaviris, grip (influenza), ak maladi menengokoksik.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)